

GOUVÈNÈ CUOMO AP ANKOURAJE OTOMOBILIS YO POU YO EVITE KONDWI SOULE LÈ YO AVANSE LÈ A

Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Depatman Sante Pral Òganize Evènman Kondwi Soule ak Video Anons Sèvis Piblik Pou Elèv Inivèsite Yo Pou Atire Atansyon

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple otomobilis yo de danje ki genyen nan kondwi soule lè yo avanse lè a avèk revèy yo ki pou avanse nan Dimanch 10 Mas, 2019, de 2 a.m. a 3 a.m. Pou atire atansyon, Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) ak Depatman Sante a (Department of Health) pral òganize evènman "Stay Awake! Stay Alive!" (Rete Reveye! Rete Vivan!) nan divès kanpis SUNY, epi Fondasyon Sekirite Wout Nasyonal la (National Road Safety Foundation) patwone yon [konkou](#) videyo anons sèvis piblik (public service announcement, PSA) "Stay Awake! Stay Alive!" pou elèv nan kanpis sa yo tou.

"Kondwi soule oswa fatigue ka poze yon gwo risk pou tout moun ki sou wout yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke moun New York yo ap chanje revèy yo nan Dimanch, mwen ankouraje tout chofè pou bay kontribisyon pa yo pandan y ap dòmi ase avan yo antre nan machin yo paske menm kèk segond mank atansyon ka abouti a rezilta trajik."

Evènman "Stay Awake! Stay Alive!" yo, ki sèvi pou ede plis sansibilize jèn yo, ki gen plis chans kondwi soule, ap òganize sou kanpis SUNY yo nan Stony Brook, Albany, ak Buffalo. Evènman sa yo enkli reprezantan ki soti nan Fondasyon Sekirite Wout Nasyonal la, ekspè dòmi ki soti SUNY Stony Brook, ak Jennifer Pearce, yon defansè viktim ki te pèdi sè li nan yon aksidan ki te gen arevwa ak kondwi soule an 2008.

Konpetisyon PSA a k ap fèt nan menm twa kanpis yo konsantre sou atire atansyon sou danje inik ki genyen nan kondwi soule epi ankouraje moun fè chwa ki san danje sou wout yo. Gayan premye-plas la pral resevwa yon prim 1,500 dola kach epi videyo yo pral repwodwi pwofesyonèlman pou bon jan kalite difizyon sou "Teen Kids News". "Teen Kids News" se yon se yon pwogram nasyonalman sendike ki pase nan 150 estasyon televizyon e ki disponib [sou entènèt](#). Gayan dezyèm-plas lan ap resevwa yon prim 750 dola kach epi gayan twazyèm-plas la pral resevwa yon prim 500 dola kach.

Lè w soule oswa fatigue, tan reyaksyon w ralanti, jijman w domaje, epi risk pou yon aksidan ogmante. Selon estatistik ki soti nan [Enstiti pou Jesyon ak Rechèch Sekirite Sikilasyon](#) (Institute for Traffic Safety Management and Research, ITSMR), "kondwi fatigue/soule" oswa "chofè ke dòmi pati avèk yo" te faktè nan 2,337 aksidan fatal ak

blesi pèsònèl ke lapolis te rapòte nan tout eta a nan 2017. Chif Preliminè ki soti nan ITSMR pou menm faktè sa yo montre 2,273 aksidan fatal ak blesi pèsònèl ke lapolis te rapòte nan tout eta a nan 2018, yon bès ki plis pase 2 pousan.

Dapre [Fondasyon Nasyonal Dòmi](#) a (National Sleep Foundation, NSF), gen kèk moun ki plis vilnerab pou kondwi soule pase lòt moun, tankou jèn moun, travayè avèk orè yo, chofè komèsyal yo, moun ki gen maladi ki pa dyagnostike oswa ki pa trete, ak vwayajè biznis yo. [Done](#) NSF yo, di jèn moun ki gen laj 18-29 yo gen pi plis chans pou kondwi pandan ke yo soule a 71 pousan, laj 30-64 a 52 pousan, epi laj 65 ak pi gran a 19 pousan.

“Kondwi soule oswa fatigue se yon konpòtman kondwi ki riske ki mete oumenm, pasaje ou yo, ak tout moun k ap pataje wout la an danje”, **Mark J.F. Schroeder, Komisè Pwovizwa Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la ak Prezidan pa Enterim GTSC, te deklare.** “Tout otomobilis yo dwe aprann rekonèt siy kondwi soule yo epi pran aksyon ki apwopriye, tankou kanpe sou kote nan yon espas repo ki an sekirite oswa kite yon lòt moun kondwi”.

Direktris Operasyon Fondasyon Sekirite Wout Nasyonal la, Michelle Anderson, di, “N ap viv nan yon mond k ap vanse rapid, e nou tout okipe anpil. Verite a sèke, aksidan machin pa fè diskriminasyon laj oswa mòd vi. Nou espere ke konkou sa a ede ajoute pi plis atansyon sou danje ki genyen nan kondwi soule epi anpil lavi pral epanye de pwoblèm sa a ki ka prevni sou wout nou yo”.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway (Thruway Authority), Matthew J. Driscoll, te deklare, “Kondwi soule se kondwi nan yon kapasite afebli. Li ka afekte nenpòt moun epi li mete lavi tout moun sou wout la andanje. Pandan ke n ap ajiste orè dòmi nou an pou lè ki pral avanse a, otomobilis yo dwe konnen sentòm kondwi soule yo epi pran desizyon ki responsab anvan yo chita dèyè volan an”.

Sipèentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la Keith M. Corlett di, “Yon chofè ki soule ka osi danjere ke yon chofè k ap kondwi twò vit, ki distrè, oswa k ap kondwi nan yon kapasite afebli. Malerezman ak twò souvan ak rezilta trajik, kèk grenn mou rekonèt danje ki genyen nan kondwi yon veyikil pandan ke yo fatigue oswa pa dòmi ase. Chofè yo ka bay kontribisyon pa yo pou evite trajedi ki pa nesesè sa yo epi kenbe wout nou yo an sekirite lè yo rekonèt sentòm fatig yo, epi evite kondwi yon machin pandan ke yo soule”.

Komisè Sante Eta New York lan Dr. Howard Zucker te deklare, “Rete reveye ak alèt pandan w ap kondwi enpòtan anpil pou pwoteje sante piblik ak sekirite. Si ou wè w ap lite ak somnolans, bay yon lòt chofè volan an oswa kanpe sou kote epi pran yon poz jiskaske ou santi ou byen repoze. Aksyon senp sa yo ka sove lavi, enkli pa ou”.

Depatman Transpò Eta a (Department of Transportation, DOT) ap patisipe tou nan yon efò pou fè plis moun pran konsyans de danje ki genyen nan kondwi soule. Pandan yon kanpay 4-jou ki kòmanse jodi a, Vandredi, 8 Mas, siyalizasyon mesaj varyab DOT yo sou tout wout prensipal yo pral di otomobilis yo pou “RETE REVEYE, RETE VIVAN”.

Otomobilis ki santi yo soule dwe antre nan yon zòn ki byen limen epi fè yon ti dòmi 20-minit oswa kite yon lòt moun kondwi. Men siy komen somnolans:

- Baye souvan
- Gen difikilte kenbe je ou louvri oswa konsantre
- Bliye dènye kilomèt kondwi yo
- Swiv machin ki devan w lan twò pre oswa manke siyal sikilasyon yo
- Zigzage oswa antre soti nan liy trafik yo

Konsèy pou evite kondwi soule:

- Kanpe souvan oswa chanje chofè chak 160 kilomèt oswa 2 èdtan.
- Chofè yo gen plis chans pou yo santi yo soule ant 1-4 p.m. ak 2-6 a.m. Si sa posib, evite kondwi pandan lè sa yo.
- Pa konte sou kafeyin. Li ka bay yon solisyon akoutèm oswa yon 'ramase m.' Men, ou dwe konnen, li pran 30 minit anvan ou santi efè a epi li ka pase byen vit.
- Evite medikaman preskripsyon ak medikaman san preskripsyon ki ta ka fè ou soule.
- Pa janm bwè alkòl. Li ralanti reflèks ou epi lakòz somnolans.

Li enpòtan pou sonje ke ouvè fenèt yo, limen radyo a, oswa limen klimatizè a pa pral ede w rete reveye pandan w ap kondwi.

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite [safeny.ny.gov](https://www.safeny.ny.gov), oswa swiv konvèsasyon GTSC a sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

Pou ka enfòm pi plis sou DMV Eta New York lan, vizite [dmv.ny.gov](https://www.dmv.ny.gov), oswa swiv konvèsasyon DMV a sou entènèt sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)